

Sa Ou Bezwen Pou Ranpli Fòm Aplikasyon Pou Jwenn Èd nan Plan Medicare pou Medikaman sou

2008



Sekirite Sosyal ak Sant Pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo ap travay ansanm pou fè ou jwenn èd siplemantè pou peman medikaman doktè preskri ou. Pou detèmine si ou ka elijib pou èd siplemantè sa a, Sekirite Sosyal ap bezwen konnen revni ou ak kantite lajan ou genyen nan kont-depay ou, kantite lajan ou genyen nan investisman ou ak byen imobilye ou (ki pa kay ou). Pou kalifye pou jwenn èd siplemantè:

- Revni anyèl ou pa dwe depase limit \$15600 pou yon moun (\$21000 pou 2 moun marye k ap viv ansanm).
- Menm si revni ou touche chak ane trè wo, ou toujou ka an mezi pou jwenn kèk èd avèk prim pa mwa ou yo, franchiz chak ane ou yo ak kopeman preskripsyon ou. Menm kèk egzanp kote revni ou ka pi wo epitou si ou menm oswa mari/madanm ou:
 - Ap sipòte lòt manm fanmi an k ap viv avèk ou;
 - Ap touche lajan nan travay; oswa
 - Ap viv nan Alaska oswa Awayi; epi
- Revni anyèl ou pa dwe depase limit \$11990 pou yon moun (\$23970 pou 2 moun marye k ap viv ansanm). Resous yo gen ladan byen tankou kont labank, aksyon ak obligasyon. Nou **pa** konsidere kay ou ak oto ou kòm resous.

Sa ou bezwen konnen

Idantifye tout byen ou posede poukont ou, byen ou posede avèk mari oswa madanm ou oswa avèk yon lòt moun, men pa mete kay ou, machin ou, kav ou genyen nan simityè oswa byen pèsònèl ou.

Revize tout revni ou.

Rasanble dosye ou yo davans pou pa pèdi tan.

Sonje fèy kesyon sa a **pa** reprezante yon fòmilè aplikasyon. Fèy kesyon sa a ka ede ou ranpli fòmilè aplikasyon an pou jwenn èd siplemantè.

Men kèk dokiman k ap ede ou pare davans:

- Etadkont ki prezante balans kont ou gen labank, nan koperativ oswa nan lòt enstitisyon finansyè;
- Etadkont investisman ou;
- Enfòmasyon sou kontra asirans-vi;
- Sètifika aksyon;
- Fòm taks;
- Lèt ki endike ou pran pansyon; ak
- Souch chèk peman ou.

Kouman ou ka jwenn plis enfòmasyon?

Si ou bezwen yon fòm aplikasyon, kontakte Sekirite Sosyal nan nimewo **1-800-772-1213** (TTY **1-800-325-0778**) epi mande pou fòm *Aplikasyon pou Èd nan plan Medicare pou peman Medikaman sou preskripsyon* (SSA-1020). Ou kapab aplike sou entènèt tou nan wèbsayt **www.socialsecurity.gov**.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon ak sou peryòd anwolman espesyal, rele gratis nan **1-800-MEDICARE** (**1-800-633-4227**; TTY **1-877-486-2048**) oswa vizite **www.medicare.gov**. Medicare kapab fè w konnen tou biwo ki nan zòn ou pou ede w nan Plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon.

Tanpri kontinye nan palòtbò paj la pou fin ranpli fèy kesyon an.

(kontinye)

Nou bezwen konnen enfòmasyon sou revni ak resous ou (ak revni ak resous konjwen nou marye epi n ap viv ansanm):

Non	Nimewo Sekirite Sosyal
_____	_____

Resous	Valè
Kont labank, avèk tou kont kouran, kont-depay ak sètifika depo	\$ _____
Aksyon, obligasyon, bon kès, fon komen plasman, kont retrèt endividyèl (IRA) oswa lòt envestisman	\$ _____
Lajan kach lakay ou oswa nenpòt lòt kote	\$ _____
Kontra Asirans-Vi pou ou (ak konjwen ou, si nou marye epi n ap viv ansanm)	\$ _____
<p>REMAK: Sekirite Sosyal bezwen konnen ki kantite lajan ou ka resevwa si ou konvèti kontra asirans-vi ou yo an lajan kach jodi a. Verifye sa avèk konpayi asirans ou oswa ajan konpayi asirans lan pou ou konnen valè egzat lajan an. Se pètèt mwens pase kantite lajan ou asire a.</p>	
Nenpòt byen imobilye ki pa kay ou	\$ _____

Revni	Kantite lajan pa Mwa
Benefis Sekirite Sosyal	\$ _____
Benefis retrèt pou travay sou vwa fere	\$ _____
Benefis Veteran	\$ _____
Lòt Pansyon oswa anwite	\$ _____
Pansyon Alimantè	\$ _____
Revni Total pou Lwaye	\$ _____
Konpansasyon Travayè	\$ _____
Èd ou resevwa nan men lòt moun pou fè depans nan kay la, tankou pou manje, prè ipotekè oswa lwaye, konbistib oswa gaz pou chofaj, elektrisite, dlo ak taks sou kay (enpo lokatif)	\$ _____
Salè	\$ _____
Salè Nè Travay Endepandan	\$ _____
Lòt Revni	\$ _____

Ou ka chwazi yon moun pou ede ou lè ou ap regle afè ou nan Sekirite Sosyal. N ap travay avèk moun nan menm jan nou ta travay avèk ou.